

Avi k ap enfòme moun sou règleman ak aksesiblite kont diskriminasyon

Mercy Health konfòme li ak lwa federal sou dwa sivil yo. Nou pa trete moun yon fason diferan akòz ras yo, koulè yo, kote yo soti, laj yo, si yo gen yon andikap oswa sèks yo, ki gen ladan si yo ansent, oryantasyon seksyèl yo ak idantite jennda yo.

Nou bay èd gratis dekwa pou tout moun kapab konprann epi patisipe nan swen yo a, tankou:

- Entèprèt kalifye pou langaj siy
- Dokiman ekri an gwo karaktè, odyo oswa nan fòm dijital
- Èd nan lòt lang (tankou entèprèt ak tradiksyon ekri)

Si w bezwen nenpòt nan sèvis sa yo, mande nenpòt anplwaye oswa voye yon imèl ban nou nan LanguageServices@mercy.com.



Si w gen nenpòt enkyetid oswa si w santi Mercy Health pa te ba w èd ou te bezwen an, oswa yo te trete w yon fason enjis, ou ka kontakte kowòdonatè dwa sivil nou an:

Imèl: Section1557@bsmhealth.org

Telefòn: 833-276-4571 (TTY: 711)

Adrès: 4600 McAuley Pl., Suite 600
Cincinnati, OH 45242

Ou ka kontakte tou Biwo pou Dwa Sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini:

Siwèb: ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf

Kourye: 200 Independence Ave., SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

Telefòn: 800-368-1019 (TTY: 800-537-7697)

Fòm pou plent yo disponib nan
hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Ou ka jwenn avi sa a sou entènèt nan mercy.com.